

# Estati Imigrasyon ak Elijibilite pou Ekspansyon Medicaid

**NC**MEDICAID  
FOR MORE PEOPLE

**Kounye a, NC Medicaid kouvri moun ki gen ant 19 a 64 lane ki gen revni pi elve yo. Li posib pou ou kapab benefisye kouvèti swen sante atravè Medicaid menm si ou pa t elijib anvan sa. Medicaid peye pou ou pou vizit doktè, bilan sante anyèl, swen ijans, swen dantè, sante mantal ak plis ankò - ak yon pri minim oswa gratis.**

**Apati 1ye Desanm 2023, pifò moun ap kapab benefisye kouvèti swen sante atravè NC Medicaid si:**

- **W ap viv North Carolina**
- **Ou genyen ant 19 a 64 lane**
- **Ou se yon sitwayen ameriken (kèk moun ki pa sitwayen ameriken ka benefisye kouvèti swen sante tou atravè Medicaid).**
- Epi si **revni masyèl fwaye ou a** sitiye nan limit ki endike nan tablo ki anba a:

Kantite moun ki nan fwaye a	Revni Masyèl pou 2024*
Granmoun Selibatè	\$1,732 oswa mwens
Fanmi ki gen 2 moun	\$2,351 oswa mwens
Fanmi ki gen 3 moun	\$2,970 oswa mwens
Fanmi ki gen 4 moun	\$3,588 oswa mwens
Fanmi ki gen 5 moun	\$4,207 oswa mwens
Fanmi ki gen 6 moun	\$4,826 oswa mwens

\*Nou mete ajou limit revni yo chak ane.

kèk moun ki pa sitwayen ameriken ka benefisye kouvèti medikal atravè Medicaid. Pou ou elijib ou dwe ap viv North Carolina epi dwe yon moun ki pa sitwayen ameriken ki genyen estati imigran kalifye. Anpil moun nan kategori sa a dwe tann senk ane anvan yo ka aplike pou Medicaid (byenke gen kèk eksepsyon, jan sa eksplike pi ba a).

Estati imigrasyon ki elijib gen ladan:

- Rezidan Pèmanan Legal (Titilè LPR/Kat Vèt)
- Moun k ap chèche azil
- Refijye
- Kiben/Ayisyen k ap antre yo
- Etranje ki vin Etazini sou libète kondisyonèl pou omwen yon (1) ane
- Antre kondisyonèl imigrasyon te akòde anvan 1980
- Moun ki pa sitwayen ameriken ki maltrete, konjwen, timoun oswa paran ("Maltrete" vle di moun yon manm fanmi te abize.)
- Viktim trafik moun ak konjwen yo, pitit, frè ak sè oswa paran yo, oswa moun ki gen yon aplikasyon annatant pou yon viza viktim trafik moun
- Refi depòtasyon akòde (yon sitiasyon espesifik ki sanble ak azil)
- Manm ki pa sitwayen ameriken ki nan yon tripi Endyen gouvènman federal la rekonèt oswa Endyen Ameriken ki fèt Kanada
- Sitwayen nan Zile Marshall, Mikwonezi, ak repiblik Palau ki abite nan youn nan eta oswa teritwa Ameriken yo (yo rele yo imigran Akò Lib Asosyasyon [Compact of Free Association,

COFA] oswa imigran COFA)

Kèk nan moun ki pa sitwayen Ameriken ki sou lis ki anwo a PA oblije tann 5 ane pou yo ka elijib pou Medicaid, tankou fanm ansent, timoun ki poko gen 19 lane, moun k ap chèche azil, refijye, viktim trafik moun, Kiben/Ayisyen k ap antre yo, ak moun ki kounye a gen estati Rezidan Pèmanan Legal (Lawful Permanent Residents, LPR) epi ki te deja mande azil, ki te yon refijye, viktim trafik moun, oswa Kiben-Ayisyen ki te antre nan peyi a. Anplis sa, tout moun ki pa sitwayen Ameriken ki sou lis ki anwo a ki gen yon koneksyon ak lame a, tankou ansyen konbatan, manm lame aktif (epi konjwen yo ak pitit yo), pa oblije tann senk (5) ane pou yo ka elijib pou Medicaid. Tout lòt moun ki pa sitwayen Ameriken ki sou lis ki anwo a dwe tann senk (5) ane aprè yo fin jwenn estati imigrasyon kalifye yo anvan yo elijib pou Medicaid.

**Si youn nan estati imigrasyon kalifye ki endike anwo yo pa koresponn ak ou:**

Si ou pa yon sitwayen Ameriken oswa ou pa fè pati youn nan kategori imigran sa yo, men ou ta elijib pou NC Medicaid, ou ka toujou aplike pou kouvèti ijans tankou:

- **Pèman pou frè akouchman.** Jwenn kouvèti pou frè medikal pandan tranche ak akouchman. Ou ka aplike jiska twa (3) mwa aprè nesans timoun nan.
- **Pèman pou sèvis ijans.** Jwenn kouvèti pou frè medikal ki gen rapò ak trètman yon ijans, tankou yon atak kè, estwòk oswa aksidan grav. Ou ka aplike jiska twa (3) mwa aprè ijans lan.

**Pou jwenn kouvèti ijans sa a, aplike pou NC Medicaid pandan w ap swiv pwosedi nòmal la** — men ou pa bezwen bay dokiman oswa reponn kesyon sou estati imigrasyon ou.

**Èske yo ka pataje enfòmasyon mwen yo pou rezon aplikasyon lwa sou imigrasyon?**

Medicaid pa rapòte okenn enfòmasyon bay lapolis oswa Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE). Enfòmasyon ou yo ap rete prive epi konfidansyèl. Tankou enfòmasyon sou manm fanmi w ki gen diferan estati imigrasyon. Yo pa ka itilize enfòmasyon ou yo pou rezon aplikasyon lwa sou imigrasyon.

**Ou bezwen sèlman bay estati imigrasyon oswa Nimewo Sekirite Sosyal manm fanmi k ap aplike pou kouvèti a.**

Egzanp, yon paran ki pa yon imigran elijib ka aplike nan non yon timoun ki elijib. Paran an pa bezwen bay pwòp estati imigrasyon pa li. Pou plis enfòmasyon sou elijibilite asirans sante pou imigran, [li bwochi sa a ki sot nan Sant Jistis North Carolina.](#)

**Èske lefè ou aplike oswa resevwa Medicaid fè ou konsidere kòm youn chaj pou leta?**

Non. Aplike pou Medicaid oswa resevwa Medicaid pa fè ou youn "chaj pou leta." Sa p ap afekte estati imigrasyon ou oswa aplikasyon imigrasyon w lan. Se sèlman twa (3) avantaj yo konsidere kòm negatif si ou soumèt yon aplikasyon imigrasyon: Revni Sekirite Sipleman (Supplementary

Security Income, SSI), Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), ak Medicaid sèlman si yo itilize pou ospitalizasyon alontèm oswa swen nan mezon retrèt. Ou ka itilize tout lòt pwogram avantaj ak sante yo an tout sekirite epi yo pa gen okenn enpak sou aplikasyon imigrasyon ou ranpli a. Pou plis enfòmasyon sou chaj piblik yo, li [flayèz enfòmasyon sa a ki sot nan Sant Jistis North Carolina](#).

### Èske imigran ki pa gen papye yo elijib pou Medicaid?

Imigran ki pa gen papye yo elijib pou Medicaid ijans. Sepandan, imigran ki pa gen papye yo pa elijib pou yo enskri pou kouvèti medikal gouvènman federal la finanse, tankou Medicaid konplè, CHIP, oswa Medicare, oswa pou achte kouvèti atravè Mache Asirans Sante a (Obamacare). Imigran ki pa gen papye yo sèlman elijib potansyèlman pou Medicaid ijans oswa sèvis ki gen rapò ak tranche epi akouchman.

### Kisa sèvis Medicaid ijans yo ye epi ki moun ki elijib pou yo?

Tout moun kapab elijib pou Medicaid ijans depi yo reponn ak kondisyon revni ak rezidans eta North Carolina a (bay prèv rezidans North Carolina, tankou yon pyès idantite ki gen foto ak adrès ou, yon bòdwo sèvis piblik, kontra lwaye oswa dokiman travay). Moun ki san papye ki pa sitwayen Ameriken ki pa elijib pou kouvèti medikal konplè anba Medicaid ka jwenn kouvèti pou sèvis medikal ijans. North Carolina gen yon founisè egzamen medikal ijans ki detèmine si ensidan an reprezante yon ijans medikal epi ki fikse dat lè Medicaid ka kouvri li. Kouvèti a limite a sèten dat, kòmanse nan dat ijans medikal la rive a epi fini nan dat ijans medikal la estabilize. Egzanp, lè yon moun viktim aksidan machin epi yo mennen li nan sal dijans oswa lè yon fanm ap akouche epi li pa gen asirans.

### Kiyès ki elijib pou Medicaid nan yon fwaye ki gen estati imigrasyon melanje?

Tout aplikan yo dwe ranpli kondisyon rezidans ak revni eta a. Paran yo ka soumèt yon aplikasyon pou tèt yo ak/oswa pou pitit yo.

- Paran ki pa gen estati imigran valab yo kapab sèlman benefisyè sèvis ijans yo.
- Pitit yo ka elijib pou Medicaid konplè si yo gen estati imigran kalifye. Sa a aplike menm si paran yo pa gen estati imigran kalifye.

Si se yon sèl manm fanmi k ap aplike pou asirans oswa asistans, se sèlman aplikan an (yo) ki dwe bay enfòmasyon sou estati imigrasyon oswa nimewo sekirite sosyal (li) yo. Lòt manm fanmi ki pa p aplike yo pa oblije bay enfòmasyon sou imigrasyon.

### Ki enfòmasyon paran ki pa gen papye yo dwe bay si yo gen timoun ki elijib pou Medicaid?

Paran k ap aplike pou timoun ki elijib yo dwe bay non tout manm nan fwaye a, adrès postal yo, tout verifikasyon revni, ak prèv rezidans paran yo nan eta a pou detèmine elijibilite timoun nan, ansanm ak yon demann ki siyen. Paran yo pa

bezwen bay enfòmasyon sou imigrasyon oswa nimewo Sekirite Sosyal yo si yo pa p aplike pou Medicaid pou tèt yo. Medicaid pa rapòte enfòmasyon bay lapolis oswa Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE).

### Èske moun ki gen Estati Pwoteje Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) yo ka aplike pou Medicaid?

Non, moun ki gen Estati Pwoteje Tanporè yo pa ka aplike pou kouvèti sante konplè atravè Medicaid. Sepandan, yo ka elijib pou Medicaid ijans depi yo reponn ak kondisyon revni ak rezidans eta North Carolina a. Fanm ansent ak timoun ki poko gen 19 lane ki gen TPS kapab aplike pou Medicaid si yo reponn ak tout lòt kondisyon elijibilite yo epi si yo pa an atant senk (5) ane peryòd la. Moun ki gen TPS ka aplike pou kouvèti ak èd pou peye asirans atravè Mache Asirans Sante a (Obamacare).

### Èske benefisyè Aksyon Difere pou Arive Timoun yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) ka jwenn Medicaid?

Non. Daprè règ Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) etabli, moun ki gen estati [Aksyon Difere pou Arive Timoun yo](#) pa konsidere legal pou rezon elijibilite kouvèti sante. Benefisyè DACA yo elijib pou sèvis Medicaid ijans nan ka bezwen.

### Èske travayè agrikòl ki gen viza H-2A (Viza travay tanporè pou travayè agrikòl sezonnyè) yo elijib pou Medicaid?

Travayè agrikòl ki gen yon estati legal kapab elijib si yo se yon fanm ansent oswa yon timoun ki poko gen 19 lane. Tout lòt moun yo elijib pou resevwa sèvis Medicaid ijans. Moun ki gen viza H-2A yo ka aplike pou kouvèti ak èd pou peye asirans atravè Mache Asirans Sante a (Obamacare).

### Èske moun ki gen viza ki pa imigran yo (tankou viza etidyan, touris, travay, viza U [viza ki pa imigran ki disponib pou moun ki viktim krim grav, ki te soufri abi fizik oswa mantal], ak anpil lòt) elijib pou Medicaid?

Yo potansyèlman elijib epi egzante peryòd datant senk (5) ane a si yo se yon fanm ansent oswa yon timoun ki poko gen 19 lane. Moun mati ki pa ansent ki gen laj 19 lane oswa plis elijib sèlman pou sèvis Medicaid ijans. Moun k ap aplike pou sèvis ijans sèlman pa oblije bay dokiman ki pwouve estati imigrasyon yo. Moun ki gen viza ki pa imigran ki abite North Carolina yo ka aplike pou kouvèti ak èd pou peye asirans atravè Mache Asirans Sante a (Obamacare).

**Ou bezwen èd? Pran yon randevou enskripsyon gratis ak yon navigatè ekspè.** Ou ka pran randevou yo sou Entènèt nan adrès <https://navigatör.net/schedule-online> oswa nan telefòn nan 1-855-733-3711. Navigatè yo ka ede avèk aplikasyon pou Mache Asirans Sante ak Medicaid, epi sèvis yo disponib nan plis pase 20 lang.

**Pou plis enfòmasyon, vizite [Medicaid.nc.gov/immigration](https://www.Medicaid.nc.gov/immigration).**

